



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN ABÒDABILITE ENÈJI AK AKSYON POU AKSELERE AVNI ENÈJI PWÒP LA

*Pwopozisyon Eta Leta a detaye plan enèji abòdab la pou pèmèt mwatye milyon kay New York ekonomize jiska 500 dola chak ane*

*Entwodwi Lwa RAPID la pou rasyonnalize konstriksyon enfrastrikti transmisyon an pou yon rezo fleksib, fyab ak pwòp*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan konplè pou abòdabilite enèji ak aksyon pou akselere avni enèji pwòp New York la nan kad diskou Eta Leta 2024 la a. Pwopozisyon an detaye plizyè aksyon ki pral pèmèt yon demi milyon kay New York ekonomize jiska 500 dola chak ane sou bòdwo svis piblik yo epi fasilite tranzisyon New York nan enèji pwòp. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te prezante Lwa RAPID la ki pral rasyonnalize konstriksyon enfrastrikti transmisyon pou yon rezo fleksib, fyab ak pwòp.

"Avèk aksyon solid pou deplwaye enèji renouvlab rapidman ak tranzisyon pou kite konbistib fosil yo, nou pa sèlman ap trase chemen pou yon Eta New York ki pi pwòp epi ki pi an sante, men n ap fè chanjman enpòtan ki pral redwi depans pou Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Abòdabilite enèji a pral kontinye yon pi gwo priyorite nan ajanda klima mwen an paske nou bezwen konbat chanjman klimatik epi pwoteje tout Nouyòkè yo."

### **Agenda Abòdabilite Enèji a**

Gouvènè Hochul te fè abòdabilite vin yon priyorite prensipal nan ajanda enèji li pandan de dènye ane yo, sa ki te lakòz yon ekonomi mwayèn 1,400 dola pou chak kliyan sèvis piblik ki elijib. Pandan New York ap kontinye trase wout la sou klima, Gouvènè Hochul ap franchi etap istorik ki pral lakòz jiska 500 dola nan ekonomi pou plis pase mwatye milyon kay New York. Aksyon yo genyen ladan yo:

- **Entwodwi lejislasyon pou sipòte planifikasyon tranzisyon sistèm gaz responsab, ekitab ak efikas.** Lwa sou Tranzisyon Gaz Abòdab (Affordable Gas Transition Act) yo pral pèmèt Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) ak Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la pou mande konpayi sèvis piblik yo pou yo jere tranzisyon nan sous enèji pwòp yon fason ki responsab ak yon fason

abòdab. Lejislasyon sa a pral pwoteje kliyan sèvis piblik yo pou yo pa peye pri envèstisman ki pa garanti nan enfrastrikti gaz fosil, etabli nouvo règ ak direktiv ki aplike pou ekstansyon sèvis gaz an akò ak Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, epi li p ap gen enpak sou dispozisyon sèvis ki an sekirite ak fyab pou kliyan ki egziste deja yo.

- **Lanse Enèji Solè nan Tout Eta a pou Tout Moun (Statewide Solar for All)**, yon pwogram inovan ki pral konbine de pwogram eta ki gen siksè – Pwogram Abòdabilite Enèji (Energy Affordability Program) ki jere pa sèvis piblik la ak Solè Kominotè (Community Solar) – pou bay yon fason efikas ekonomi enèji pwòp pou fanmi ki gen revni fèb yo. Nouvo pwogram nan kapab bay yon kredi bòdwo elektrik 40 dola pa ane bay plis pase 800,000 fwaye.
- **Lanse Inisyativ Ekonomi Enèji Entèlijan (Smart Energy Savings Initiative), ki pèmèt Nouyòkè yo ekonomize sou bòdwo sèvis piblik yo lè yo pi byen jere itilizasyon enèji chak jou.** Pou kay k ap patisipe yo, teknoloji entelijan pral ede pwograme peryòd itilizasyon enèji enpòtan pou fèt lè demann elektrisite ak pri yo pi ba. Tou depan de sèvis piblik la ak kay la, Nouyòkè k ap patisipe yo ak machin elektrik kapab ekonomize plis pase 200 dola pa ane, epi Nouyòkè ki gen ponp tèmik ka ekonomize ant 100 ak 500 dola pa ane.
- **Mande DPS pou pwofite inovasyon nan lanse pwosedi NY Grid of the Future (Rezo NY pou Lavni).** Pwosedi a pral bay yon Plan NY Grid of the Future nan fen ane a, ki pral detayer envestisman k ap konstwi yon rezo ki vrèman abòdab, rezistan ak pwòp.

### **Akselere Konstriksyon Enfrastrikti Transmisyon pou yon Rezo ki Fleksib, Fyab ak Pwòp**

Pou adrese bezwen ijant pou atenn objektif Lidèchip klimatik ak Lwa Pwoteksyon Kominotè Eta a, konstwi transmisyon elektrik, epi amelyore pwosesis entèkoneksyon an, Gouvènè Hochul ap pwopoze Lwa sou Aksyon Renouvlab Atravè Entèkoneksyon ak Deplwaman Pwojè (Renewable Action Through Project Interconnection and Deployment, RAPID).

Lwa RAPID la kreye gichè inik pou revizyon anviwònman la ak pèmisyon gwo enèji renouvlab ak enstalasyon transmisyon yo nan Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) nan DPS. Pwosesis otorizasyon transmisyon eta a pral kounye a antre nan yon kad legal ki klè ki balanse transparans ak pwoteksyon anviwònman an ak bezwen pou pran desizyon rapid, pandan y ap kontinye reponn ak fidbak kominote a ak konsiderasyon anviwònman an.

Anplis, Gouvènè Hochul pral mande DPS pou l ouvri yon pwosedi pou amelyore entèkoneksyon resous enèji distribiye yo. Pwosedi a pral konsidere ankourajman, penalite, ak lòt mekanis pou sèvis piblik Eta New York yo pou fasilite entèkoneksyon pi rapid ak efikas.

## **Inogirasyon pi Gwo Abri Solè New York la**

Gouvènè Hochul te mande Otorite Pèòtyè nan New York ak New Jersey (Port Authority nan New York ak New Jersey) tou pou yo kòmanse konstriksyon pi gwo pwojè solè plis depo kliyan Eta New York la: yon ovan pou abri solè nan Ayewopò JFK, ki se pi gwo abri solè nan Eta New York tou. Enstalasyon enèji solè 12.3-MW konbine pral gen ladan 7.5 MW nan depo batri ki pral ede diminye itilizasyon enèji ayewopò a pandan peryòd ki chaje yo. Pwojè a pral redwi emisyon gaz lakòz efè sè a prèske 6,000 tòn metrik chak ane epi bay avantaj kouran pwòp alafwa nan ayewopò a ak nan katye ki tou pre ki gen revni fèb yo nan Queens.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418